**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ**
**MEKTEPKE SHEKEMGI HÁM MEKTEP BILIMLENDIRIWI MINISTRLIGI**
**QÁNIGELESTIRILGEN BILIMLENDIRIW MÁKEMELERI AGENTLIGI QASÍNDAĞÍ PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK HÁM XALÍQARALÍQ BAHALAW ILIMIY-ÁMELIY ORAYÍ**

# ULÍWMA ORTA HÁM MEKTEPTEN TÍSQARÍ BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERI BASLAWÍSH TÁLIM OQÍTÍWSHÍLARÍN ATTESTACIYADAN ÓTKERIW USHÍN QÁNIGELIK SÍNAĞÍNDA PAYDALANÍLATUĞÍN TEST TAPSÍRMALARÍ SPECIFIKACIYASÍ

**Tashkent – 2026**

# MEKTEPKE SHEKEMGI, ULÍWMA ORTA HÁM MEKTEPTEN TÍSQARÍ BILIMLENDİRİW SHÓLKEMLERİNİŃ PEDAGOG KADRLARÍN ATTESTATCİYADAN ÓTKERİW USHÍN BASLAWÍSH BİLİM BAĞDARÍ BOYÍNShA QÁNİGELİK SINAW TAPSÍRMALARÍ SPECİFİKACİYASÍ

Bul specifikaciya baslawısh bilimlendiriw bağdarınan ulıwma orta bilimlendiriw mákemeleri oqıtıwshıların attestaciyadan ótkeriw qánigelik sınağında paydalanılatuğın test tapsırmalarınıń mazmunı, dúzilisi, túri, forması, bahalaw kriteriyası hám ótkeriliw tártibine qoyılğan talaplardı ózinde sáwlelendiredi.

## I. Ulıwmalıq principler

Bahalaw maqseti – talabanlardıń baslawısh bilimlendiriw bağdarınan boyınsha teoriyalıq bilimleri, ámeliy kónlikpe hám qábiletlerin kompleksli bahalaw. Usı bahalaw nátiyjeleri tiykarında pedagog kadrlar attestaciyasına qabıl etiletuğın qararlar valid (tiykarlanğan) bolıwın támiyinlew maqsetinde bahalawdıń barlıq basqıshlarında validlik, isenimlilik, ádalat hám ashıqlıq-áshkaralıq principlerine ámel etiliwi támiyinlenedi.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrligi hám onıń sistemasındağı shólkemler jumısın nátiyjeli shólkemlestiriw is-ilajları haqqında" 2023-jıl 26-maydağı PP-79-sanlı Pármanı.

2. Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 17-sentyabrdegi "Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleri pedagog kadrların attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında"ğı 572-sanlı Qararı.

3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2023-jıl 29-dekabrdegi "Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleri pedagog kadrların attestaciyadan ótkeriw tártibiniń jetilistiriliwi múnásibeti menen Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń "Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleri pedagog kadrların attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw haqqında" 2021-jıl 17-sentyabrdegi 572-sanlı qararına ózgertiw hám qosımshalar kirgiziw haqqında"ğı 692-sanlı Qararı.

## III. Bahalawdıń dúzilisi

Baslawısh bilimlendiriw bağdarınan oqıtıwshıları ushın qánigelik páninen 35, kásiplik standartlarınan 5, pedagogikalıq sheberlikten 10, jámi 50 test tapsırması usınıladı hám ulıwma test tapsırmasın orınlaw ushın 120 minut waqıt berilgen.

Bunda jawıq test tapsırmalarınan (bir durıs juwaptı talap etetuğın test tapsırmaları *(J1), sáykeslendiriwdi talap etetuğın test tapsırmaları (J2) hám izbe-izlikti talap etetuğın test tapsırmaları (J3*) paydalanıladı. Qánigelik pánlerinen dúziletuğın test tapsırmalarınıń mazmun tarawı hám bahalanatuğın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi tómendegi kestede sáwlelengen.

**Test tapsırmalarınıń mazmunı, bahalanatuğın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi**

*1-keste*

| **Mazmunı** | **Bilim hám kónlikpeler** | **Testler sanı** |
|---|---|---|
| **1. ANA TILI** | | **9** |
| **1.1. Tilden ámeliy paydalanıw** | | |
| **Sóylew hám imla** | *– sóylew hám imladağı hár túrlilikti anıqlay alıw;*<br>*– bas háripler, túbir hám qosımtalar, qosılıp hám ajıratıp jazıw, sızıqsha menen jazıw sıyaqlı imla qağıydaların biliw, paydalana alıw;*<br>*– fonetikalıq ózgerisler (sesler arttırlıwı, almasıwı hám túsiwi)di ajırata alıw;* | 2 |
| **Punktuaciya** | *– jazıwda irkilis belgilerin (soraw, úndew, kóp noqat; útir, sızıqsha, qos noqat; noqatlı útir, qawıs, tırnaqsha) durıs qollana alıw;* | 1 |
| **Stilistika** | *– qosımtalardıń konteksttegi wazıypasın túsiniw, ajıratıw hám durıs qollanıw;*<br>*– sózlerdiń konteksttegi mánisihám wazıypasın túsiniw, ajıratıw hám durıs qollanıw;*<br>*– berilgen jağdayğa say sóylem úlgilerin tańlaw.* | 1 |
| **1.2. Til teoriyası hám lingvistikalıq tallaw** | | |
| **Lingvistikalıq tallaw** | *– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili leksikalıq normaları tiykarında tallaw;*<br>*– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili morfologiyalıq normaları tiykarında tallaw;*<br>*– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili sintaksislik normaları tiykarında tallaw;* | 3 |
| **1.3. Tekstti oqıp túsinıw** | | |
| **Oqıw túsiniw** | *- fakt hám pikirdi ajıratıw;*<br>*-verbal hám vizual mağlıwmatlardı birlestiriw arqalı juwmaq shığarıw, sebep-aqıbet hám processlerdiń izbe-izligin túsiniw;* | 2 |
| **2. OQIW SAWATXANLIĞI** | | **7** |
| **2.1. Kórkem tekst talqılawı** | | |

| | | |
|---|---|---|
| **Kórkem tekst (proza, drama) talqılawı** | *– tekst mazmunına say tema tańlay alıw;*<br>*– úzindi tiykarında obrazlarǵa táriyip beriw;*<br>*– qaharmanlardıń ruwxıy halatı hám keshirmelerin anıqlaw;*<br>*– teksttiń ulıwmalıq mazmunın túsiniw;*<br>*– ashıq aytılmaǵan pikirler, ideyalardı ańlaw.* | 5 |
| **2.2.** | | |
| **Milliy, jáhán balalar ádebiyat** | *– ulıwma orta bilimlendiriw baǵdarlamasına kirgizilgen qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiligi úlgilerin túsiniw, talqılaw hám bahalaw;*<br>*– ulıwma orta bilimlendiriw baǵdarlamasına kirgizilgen qaraqalpaq poeziyası úlgilerin túsiniw, talqılaw hám bahalaw;* | 2 |
| **MATEMATIKA** | | **7** |
| **3.1 Sanlar** | | |
| **Natural, pútin hám bólshek sanlar menen ámeller** | *-Natural sanlar, bólshek sanlar, Onlıq bólshekler.*<br>*-Natural sandı cifrlarda súwretlew, cifrlardıń jaylasqan ornın anıqlaw, natural, bólshek, pútin sanlardı salıstırıw* | 3 |
| **3.2 Algebralıq ańlatpalar** | | |
| **Algebralıq ańlatpalar hám ózgeriwshiler** | *-4 ámel qatnasıwındaǵı turmıslıq másele.*<br>*-Algebralıq ańlatpalar.*<br>*-Bólshek, pútin sanlardı qosıw, alıw hám kóbeytiw, bóliw, qaldıqlı bóliw algoritmin, eselengen hám kóbeytiwshiler arasındaǵı qatnastı anıqlaw, algebralıq ańlatpalar hám forma almasıwlardı, teńlemelerdi orınlaw* | 2 |
| **3.3 Geometriya hám ólshewler** | | |
| **Geometriya hám ólshewler** | *-Geometriyalıq figuralar, geometriyalıq pikir júrgiziw hám másele sheshiw, matematikalıq modellerdi qurıw hám izertlew, ólshemler hám olardıń qollanılıwına tiyisli tapsırmalardı orınlaw*<br>*-Standart emes kórinistegi geometriyalıq másele.*<br>*-Ólshew birlikleri.* | 2 |
| **3.4 Maǵluwmatlar menen islesiw** | | |
| **Maǵluwmatlar menen islesiw. Itimallıq teoriyası** | *- Statistika hám itimallıq, toplamlar hám logika elementleri, maǵlıwmatlardı statistikalıq analizlew, kombinatorika tiykarlarına tiyisli máseleler sheshiw* | 2 |
| **TÁBIYI PÁNLER** | | 7 |
| **4.1 Quyash sisteması. Geografiyalıq jaylasıwı, tábiyiy resursları** | | |

| | | |
|---|---|---|
| **Quyash sisteması hám onıń dúzilisi, planetalar, Jer** | *-Ózbekstannıń geografiyalıq ornı, hákimshilik-aymaqlıq bóliniwi, klimatı, resursları. Ózbekstannıń geografiyalıq jaylasıwı, tábiyiy resursları. Tábiyiy procesler.*<br>*-Litosfera, gidrosfera, atmosfera qatlamları hám olarda júz beretuǵın tábiyiy proceslerdi ajırata alıw. Materikler hám okeanlar, olardan aqılǵa muwapıq paydalanıw, olardıń planetamızdaǵı áhmiyetin túsindiriw* | 2 |
| **4.2 Tirishilik sistemaları hám organizmler** | | |
| **Tiri organizmlerdiń hár túrliligi hám tiykarǵı túrler** | *-Organizm turlarini va guruhlarini ajratish, hayvonlar, o'simliklar, bakteriyalar, zamburug'larni ta'riflash, ularning farqli xususiyatlarini solishtirish va guruhlash, farqlash va turlarga ajratish;*<br>*Haywanat dúnyası. Ósimlikler.Adam.* | 3 |
| **4.3 Zat hám onıń qásiyetleri** | | |
| **Zat hám onıń qásiyetleri, qozǵalıs hám kúsh, jıllılıq** | *-Zatlardıń jaǵdayları hám olardıń qásiyetleri. Zatlardıń jaǵdayları (qattı, suyıq, gaz) hám olardıń qásiyetlerin ajıratıw. Denelerdi reńine, formasına, kólemine, massasına hám jaǵdayına qarap toparlaw.* | 1 |
| **4.4 Fizikalıq qubılıslar** | | |
| **Energiya. Jarıqlıq. Háreket. Kúsh.** | *-Kóleńkeniń payda bolıwı hám baǵıtı, jıllılıq derekleri, sestiń payda bolıwı, tarqalıwı hám dereklerin anıqlaw. Tábiyiy hám jasalma jaqtılıq dereklerin parıqlaw. Elektr togi hám magnit qubılıslarına tiyisli dáslepki túsiniklerdi kúndelikli turmısta qollanıw* | 1 |
| **TÁRBIYA** | **3** | |
| **5.1 Ádep-ikramlılıq qádiriyatları** | | |
| **Insannıń ruwxıy hám ádep-ikramlılıq qádiriyatları, rasgóylik, ádillik** | *-Milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlardıń mánisin biliw, durıs hám nadurıs is-háreketlerdi ajırata alıw, teńlik hám haqıyqatlıq principleri hám de etiket qaǵıydaların ámelde qollaw* | 1 |
| **5.2 Mádeniyatlararalıq qatnasıq hám etika qaǵıydaları** | | |
| **Birge islesiw, keńpeyillik, milletler aralıq tatıwlıq** | *-Puqaralıq tuyǵısı hám tiyislilik principlerin real jaǵdaylarda qollaw, puqaralıq huqıq hám minnetlerin parıqlaw. Birge islesiw, keńpeyillik hám milletler aralıq tatıwlıq túsiniklerin parıqlaw, mádeniyatlar aralıq qarım-qatnasta ádep-ikramlılıq qaǵıydaların qollaw* | 1 |

| 5.3 Jámiyet, máhálle, shańaraq, mádeniyat | | |
|---|---|---|
| **Óz-ózin ańlaw, ózgeriw, sın kózqarastan pikirlew** | *-Jámiyet, máhálle, shańaraq hám mádeniyat túsiniklerin biliw, olardı bir-birinen parıqlaw, wazıypaların anıqlaw. Sezimlerdi parıqlaw, jámiyet yamasa jeke rawajlanıwdağı ózgerislerdi anıqlaw hám erkin qarar qabıl etiw hám sın kózqarastan pikirlew kónlikpeleri tiykarında olardı talqılaw* | 1 |

## Tekstlerge qoyılatuğın talaplar

*2-keste*

| T/n | Tekstler | Mazmunlıq talaplar | Muǵdarlıq talaplar |
|---|---|---|---|
| 1 | **Kórkem tekst (proza, drama)** | *Qaraqalpaq tilinde jazılǵan (yaki awdarma islengen) kórkem tekst (prozalıq yaki dramalıq shıǵarmadan úzindi) (test tapsırıwshı ushın tanıs emes, ámeldegi sabaqlıqlarǵa kirgizilmegen)* | 300-350 sóz |

## Test tapsırmalarınıń mazmun tarawı, bahalanatuǵın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi

*3-keste*

| Mazmun tarawı | Bilim hám kónlikpeler | Test sanı |
|---|---|---|
| **I. PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK** | | **10** |
| **1.1. Ulıwma pedagogika** | – pedagogika, didaktika, tárbiya hám jas psixologiyasınıń tiykarları, kózqaras hám principlerin biliw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıw;<br>– sabaq hám onıń túrlerin biliw, sabaqtı rejelestiriw, shólkemlestiriw hám klastı basqarıw usılların konkret jaǵdaylarda qollana alıwı;<br>– klass basshısınıń huqıq hám wazıypaların biliw, klass hújjetleri menen islese alıw, olardı júrgiziwde durıs izbe-izlikte ámel etiw, klass toparın durıs qáliplestiriw, kommunikaciyada pedagogikalıq etika qaǵıydalarına ámel etiw, ata-analar menen birge islesiwdiń nátiyjeli formaların tańlaw, mashqalalı jaǵdayda eń maqul strategiyalıq usıldı qollanıwı;<br>– pedagogikalıq etika, sóylew, texnika, dóretiwshilik, pedagogikalıq ádep, bilimdanlıq/kompetentlik, kásiplik iskerlikte zárúr pedagogikalıq qábiletler, qarım-qatnas mádeniyatı, takt/ózin tutıw, kreativlik, refleksiya hám kásiplik ósiw tiykarların biliw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıwı;<br>– bilimlendiriw texnologiyaları (joybarǵa tiykarlanǵan tálim, mashqalalı tálim, birgeliktegi tálim, evristikalıq tálim, shaxsqa qaratılǵan tálim, interaktiv tálim, differencial tálim, integral tálim, oyınlı tálim, inklyuziv tálim hám t.b.)n biliw hám jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıwı;<br>– tálimde bahalawdıń tiykarǵı túsinikleri (bahalaw maqseti, principleri, usılları, túrleri, metod hám texnologiyaları, quralları)n biliw hám bahalaw boyınsha qabıl etilgen qararlardıń berilgen jaǵdayǵa sáykesligine baha beriwi;<br>– sanlı sawatlılıq, zamanagóy xabar-kommunikaciya texnologiyaları, sanlı platformalar (emaktab.uz hám t.b.) hám resurslarınan (Microsoft Office programmaları, internet tarmaǵınan) paydalanıwdı biliwi; | 7 |

| | | |
|---|---|---|
| **1.2. Oqıtıw metodikası** | – pán tarawı boyınsha oqıtıw usılları, metodikası hám texnologiyaların biliwi;<br>– pán tarawı boyınsha oqıtıw usılları hám metodların ajırata alıw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlaw;<br>– pán tarawı boyınsha berilgen bilimlendiriw jaǵdayına tiyisli qabıl etilgen qararlarǵa baha beriwi. | 3 |
| **II. KÁSIPLIK STANDARTÍ** | | **5** |
| **2.1. Kásiplik standartlar** | – pedagogtıń kásiplik standartları (oqıw procesin rejelestiriw, bilimlendiriwdegi nátiyjelilikti támiyinlew, ózlestiriwdi bahalaw hám qayta baylanıstı usınıw, tárbiyalıq jumıstı shólkemlestiriw, qáwipsiz rawajlandırıwshı bilim beriw ortalıǵın jaratıw hám támiyinlew, óz-ózin rawajlandırıw hám kásiplik ósiw, kásiplesler hám bilim alıwshılardıń ata-anaları menen birge islesiw)n biliw hám pedagogikalıq jaǵdaylarda qollana alıw | 5 |

### Kognitiv kónlikpelerdiń bólistiriliwi

*4-keste*

| T/n | Kognitiv dáreje | Túsindirmesi | Testtegi úlesi (%) |
|---|---|---|---|
| 1 | **Biliw** | Pánge tiyisli teoriyalıq maǵlıwmatlar, terminler, qaǵıydalar, túsiniklerdi eslep qalıw, olardıń mazmunı, maqseti hám qollanılıwın túsiniw | 8 |
| 2 | **Qollanıw** | Bilim, túsinik hám proceduralardı jańa (tanıs emes) kontekstlerde qollana alıw | 35 |
| 3 | **Pikirlew** | Faktler, dáliller, pikirlerdi salıstırıw, talqılaw, boljaw hám juwmaq(lar) shıǵarıw | 7 |

## IV. Bahalaw kriteriyası

Test tapsırıwshınıń ulıwma balın (raw score) esaplaw ushın hárbir durıs juwap ushın 2 ball, nadurıs juwap ushın 0 ball beriledi. Qánigelik páninen maksimal ball 100 baldı quraydı.

## V. Imtixan tártibi

*Qadaǵan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, aqıllı saat, planshet yaki elektron esletpelerden paydalanıw qatań qadaǵan etiledi.

*Tártip hám intizam:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yaki járdem beriw, imtixan dawamında sóylesiw, ruqsatsız shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylar qadaǵan etiledi.

Baqlawshı tártip buzıwshılıqtı anıqlaǵanda, onı rásmiylestirip, tıńlawshını testten shetlestiredi hám nátiyjesi biykarlanadı.

## VI. Usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar

Aytıp ótiw orınlı, test tapsırmalarınıń mazmunı tómendegi usınıs etilgen ádebiyatlarda sáwlelengen mazmun, principler hám kózqaraslar menen sáykeslendiriledi. Talabanlar usı tiyisli ádebiyatlar mazmunın yadlaw arqalı joqarı ball alıwdı kútpewi kerek. Usınıs etilgen ádebiyatlar qánigelik sınaqlarına tayarlıq kóriw deregi sıpatında xızmet etedi.


1. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı. 1-klass. Sh. Ábdinazimov hám b. Tashkent. Respublika bilimlendiriw orayı 2021.

2. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı. 2-klass. I, II bólim. Sh. Ábdinazimov, B.Qutlımuratov, Z.Ismaylova, P. Salieva, G. Qutlımuratova Tashkent-2021.

3. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı. 3-klass. I, II bólim. J. Uspanova, X. Ábdijabbarova. Tashkent -2022.

4. Ana tili. 4-klass. E.Dáwenov, M.Qudaybergenov, J.Uspanova. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2020

5. Oqıw kitabı. 4-klass. E.Berdimuratov, J.Pirniyazov, Q.Allanazarov, J.Uspanova. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2020

6. Qaraqalpaq tili, 5-klass. I, II bólim. G.S.Patullaeva, S.R.Kadirimbetova. Toshkent: Novda edutainment, 2024.

7. Ádebiyat, 5-klass. I, II bólim. P.E.Nurjanov, J.Umatova, G.A.Begmuratova, D.M.Nurseytov; Tashkent: Novda edutainment, 2024.

8. Ana tili, 6-klass. G.S.Patullaeva, S.R.Kadirimbetova. Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022.

9. Ádebiyat, 6-klass. Q.Orazımbetov hám b. Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2022.

10. Matematika 2 – 4- klass. I.V.Repyova "Novda" 2023

11. Matematika 5-klass. B.Q.Haydarov "Huquq va jamiat" 2020

12. Tárbiya 1-4-klass ushın sabaqlıq. S.Shermuxammedova h.t.b. "Ózbekstan" Tashkent – 2020

13. Tábiyiy pánler 1-3-klass ushın sabaqlıq. Dúziwshiler: Z. B. Sangirova, K. T. Suyarov, Z. Y. Tillayeva, M. M. Avezov, M. X. Baymuratova, S. Ǵ. Xasanova. Tashkent – 2022

14.Tábiyiy pánler 1-4-klass ushın sabaqlıq. Tigay O.E, .Malikova Y.V, Kosyanenko S.V: "Tabiiy fan" darslik 1-sinf "Novda": Toshkent - 2024y.

14. Qaraqalpaq tili hám imla qaǵıydalarınıń jıynaǵı. Dúziwshiler: M.Dáwletov, Sh.Abdinazimov, A.Alniyazov. Nókis: "Bilim", 2016.

15. Qaraqalpaq tiliniń orfografiyalıq sózligi. Dúziwshiler: M.Dáwletov, Sh.Abdinazimov. Nókis: "Bilim" 2020.5-klass. Qaraqalpaq tili (I, II bólim) sabaqlıǵı / G.S. Patullaeva, S.R. Kadirimbetova; redaktor Z.A. Ismaylova. – Tashkent: Novda Edutainment, 2024.


**VII. Usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar****


1. Mavlonova R.A., Umumiy pedagogika. Darslik. – Toshkent: Fan va texnologiyalar, 2018. – 528 b.

2. Mirzayeva F.O., Pedagogika nazariyasi va tarixi. Darslik. – Toshkent: "O'zbekiston" nashriyoti, 2023. – 304 b.

3. Xoliqov A. Pedagogik mahorat. Darslik, – Toshkent: "Bayoz" nashriyoti, 2025. – 504 b.

4. Muslimov N.A. va boshq., Pedagogik kompetentlik va kreativlik asoslari. O'quv-metodik qo'llanma. – Toshkent: "Bayoz" nashriyoti, 2024. – 144 b.

5. Tolipov O'., Ro'ziyeva D. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. O'quv

qo‘llanma. – Toshkent: “Innavatsiya-ziyo” nashriyoti, 2019. – 276 b.

6. Davidova D.T. va boshq., Loyihaga asoslangan ta’lim. – Toshkent: “G‘ofur G‘ulom” nashriyoti, 2024. – 216 b.

7. Mavlonova R.A. va boshq., Tarbiyaviy ishlar metodikasi. – Toshkent, 2014. – 255 b.

8. Ro‘ziyev Y.Z., Abdullayeva B.S. Mediasavodxonlik va axborot madaniyati. Darslik. – Toshkent: “O‘zbekiston” nashriyoti, 2024. – 260 b.

9. Abdiraimov Sh. Baholash nazariyasi asoslari. O‘quv qo‘llanma. – Toshkent: “Dimal” nashriyoti, 2025. – 162 b.

10. Jalilov K. Baholash nazariyasi asoslari. Metodik qo‘llanma. – Toshkent: “Akademnashr” nashriyoti, 2020. – 256 b.

11. Madatov I.Y. Inklyuziv ta’lim. Darslik. – Samarqand, 2024. – 240 b.

12. Fayziyeva M.R., Normatov S.A. Raqamli texnologiyalar va sun’iy intellekt. O‘quv qo‘llanma. – Toshkent, 2023. – 155 b.

13.* Yuldasheva D. O‘zbek tilini o‘qitish metodikasi. Darslik. –Buxoro: "Sadriddin Salim Buxoriy" nashriyoti, 2021.– 424 b

14.* Husanboyeva Q., Niyozmetova R. Adabiyot o‘qitish metodikasi (I-II). Darslik – Toshkent: “Innavatsiya-ziyo” nashriyoti, 2022. – 400 b. // – 392 b.*

**VIII. Paydalanıw usınıs etiletuğın tiykarğı normativlik-huqıqıy derekler**

1. Ózbekstan Respublikasınıń “Bilimlendiriw haqqında”ğı Nızamı. 2020.

2. Ózbekstan Respublikasınıń “Pedagogtıń statusı haqqında”ğı Nızamı. 2024.

3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2017-jıl 6-apreldegi “Ulıwma orta hám orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwiniń mámleketlik tálim standartların tastıyıqlaw haqqında”ğı 187-sanlı Qararı.

4. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 29-apreldegi “Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw sistemasın 2030-jılğa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında”ğı PP–5712-sanlı Pármanı.

5. Ulıwma orta bilimlendiriw mektep oqıtıwshıları ushın kásiplik